Citation: Fallou Ngom (PI), Elhadji Djibril Diagne, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, Martin Aucoin, and other contributors. 2022. "Biography of Lady Asta Waalo Mbakke." https://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/soxna-asta-waalo-mbakke/.

**Soxna Asta Waalo Mbàkke**

Bismillāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi

Alḥamdu li l-Lāhi wa ṣalātu wa salāmu ʿalā Rasūli l-Lāhi

[Page 133]

Ammā baʿd, nu fas yeene tënk tuuti ci jambaar ju tedd ju baax muy Saydatunaa sunu maam Soxna Aysatu Mbàkke mu gëna siiwe ci Maam Asta Waalo Mbàkke Naawel mi nga xam ne kenn du ko fàtte ngir jëfam ju mat ci xam-xam ak ci diine, ci jàng ak ci jàngale. Mi ngi gane àdduna ci Jolof, am na ñu ne Saa ñanka la, waaye lu gëna siiw mooy Jolof.

Waajuram wu góor mooy Ahmadu Soxna Buso mum Maaram Mbàkke. Soxna Asta Waalo Mbàkke mooy waajuru Soxna Maryama Buso Jaaratul Laahi ak Sëriñ Busoobe Buso. Wax nañu ne mi ngi jànge ci waajuram Ahmadu Soxna Buso Alxuraanul Karim ak xam-xam. Ku teela wàttu la. Wax nañu ne ba mu laataa dem kër Maam Mabuso Awa Mbaay, tambale na di jàngale ci daaray baayam Ahmadu Soxna mi nga xam ne bu mësaana dégg nodd, dafay daw ba ay yéréem di xottéeku ngir ragal Yàlla. Maam Asta Waalo nak, jàngale na téeméeri at yoo xam ne da koy boole ak jàngale xam-xam. Sëriñ Muusaa Ka nee na: "Soxna si foore la. Da daa sol yéré ya di tërëlal ndongo ya mbooleem téeré ya." Daan na naafila Alxuraan guddi gu nekk. Daan na toog taalibe yi wër ko mu sol

[Page 134]

colug góor di jàngale Alxuraan ak xeeti xam-xam yu bari ba tax na amoon na ñu bari ñu daa laxas di jàngi fi moom tafsir ak yeneen. Wax nañu ne moo jàngal Maam Jaara Buso *Dalāʾil al-Khayrāti* ba mu mokkal ko. Wax nañu ne moo yar Soxna Anta Njaay Mbàkke mi ñu ko tudde ba ni mu sancee Naawel. Buur yi tambale di ko xatal rawatina buur bu nuy wax Gidel Mbóoj. Waaye saa yu joge jëm ci moom rekk Yàlla dimbale ko ba seen pexe du sotti. Ba mujj

ñu def ko laqukaay. Balaa kenn dem xare jaari fa moom ngir li mu nekk kaarange.

Am na benn sirru bu nuy wax "Sayful aʿdāʾi" bu mu yoroon Sëriñ bi

laaj ko ko mu wax ko la mu doon. Sëriñ bi jox ko qaṣida al-Ṣindīdi

ne ko dee ko jàng. Amoon na ku mu doon jàngal, waaye keroog

ba muy ñibbi [la] doora xam ne ki ko doon jàngal soxna la. Sëriñ Faliilu

daan na wax ne baaxu Soxna Asta Waalo la nu Yàlla faye Soxna Jaara Buso. Sëriñ bi

it wax na ne ku dem Naawel wàlla Poroxaan, da nga ma fa fekk mbaa ma fekk la fa.

Soxna Asta Waalo nak wàcc na ab liggéey nu denc ko fa Naawel. ʿAnhā raḍiya l-Lāhu.

Amoon na téeméeri at ak fanwéer. Yàlla na nu Yàlla taas ci barkeem te may ñu aw fanam.

Āmīn yā rabal ʿālamīna